



Gid
pou
Resevwa
Avantaj yo
nan Etazini
pou Ane 2024

Be Well. Be You.

K ap Sipòte Etap W ap Fè pou Vin Anfòm.

Avantaj ou yo pou Ane 2024

K ap Sipòte Etap W ap Fè pou Vin Anfòm.

Sa ki nan Gid la

Kòmansman

Byenveni.....	1
Lis tout sa ki nesesè pou resevwa avantaj ou yo.....	3
Kimoun ki kalifye.....	4

Pwoteksyon Medikal

Chwa plan medikal ou yo.....	5
Resous plan medikal siplemantè.....	12
Avantaj siplemantè pou sante.....	12
Avantaj pou fòmasyon fanmi.....	14
Avantaj pou vwayaj ak lojman.....	14

Lèt Pwoteksyon pou Sante

Swen dan.....	15
Swen zye.....	15

Kont Epay ak Pwoteksyon Finansye

Kont Depans Fleksib (FSA).....	16
Andikap pou tan kout ak andikap pou anpil tan.....	17
Asirans-Vi ak Asirans pou Lanmò ak Demanbreman akòz Aksidan (AD&D).....	17

Resous pou Vin Anfòm

Fason pou Fè chwa kòrèk yo.....	18
Byennèt mantal.....	20
Lèt resous pou byennèt.....	21
Konje.....	22
Sipò pou moun k ap bay swen.....	22
Avantaj finansye.....	23

Kote pou Jwenn Plis Enfòmasyon

Resous ou yo.....	24
-------------------	----

Pou wè gid sa a ak lòt enfòmasyon sou avantaj yo, ansanm ak dokiman konfòmite ak dokiman plan an, ale sou sitwèb cloroxbenefitsinfo.com. Pou mande yon kopi sou papyè konsènan nenpòt materyèl Enskripsyon Anyèl la, prezante yon tikè People& oswa voye yon imèl nan people@clorox.com.

Para ver esta guía y otra información de beneficios, incluidos los documentos requeridos por la ley, así como los Resúmenes de Beneficios y Cobertura (SBC), visite cloroxbenefitsinfo.com. Para solicitar un ejemplar impreso de cualquier documento de Inscripción Anual, entregue una solicitud People& o envíe un mensaje por correo electrónico a people@clorox.com.

Pou wè gid sa a ak lòt enfòmasyon sou avantaj yo tankou dokiman konfòmite ak materiel Rezime Pwoteksyon Avantaj yo (Summary of Benefits Coverage, SBC), ale sou sitwèb cloroxbenefitsinfo.com. Pou mande kopi sou papyè nenpòt dokiman Enskripsyon Anyèl la, prezante yon tike People& oswa voye yon imèl nan adrès imèl people@clorox.com.

FASON POU UTILIZE GID SA A

RETOUNEN SA KI NAN SWIVAN
GID LA

Be Well. Be You.

Manm ekip yo,

Clorox se yon kote **pou santi ou** byen **pèsonèlman**. Nou mete moun nan mitan tout sa n ap fè – sitou manm ekip ak moun pa nou yo – epi sa vle di nou asire ou jwenn tout sa ou bezwen pou pwospere nan travay ou ak lakay ou.


Apwòch olistik nou nan byennèt vle di nou sipòte ou ak manm fanmi ou avèk yon pwogram avantaj ki gen kalite siperyè, ki fleksib epi ki satisfè bezwen ou yo nan chak etap lavi ou. “Byennèt” vle di yon bagay diferan pou chak moun. Poutèt sa, si w ap chèche amelyore sante fizik ou, sante mantal ou oswa sante finansye ou, nou la pou ede ou reyalize kèlkeswa sa byennèt vle di pou ou.

Gid sa a pou Resevwa Avantaj yo nan Etazini ba ou yon apèsi sou anpil avantaj, pwogram ak resous Clorox ofri pou amelyore chak aspè sante ou ansanm ak yon chwa pami chwa plan medikal prensipal mache a, pi bon pwogram retrèt 401(k), yon sipò dènnye modèl pou fòmè fanmi ak pou byennèt mantal ak plis lòt.

Revize Gid sa a pou Resevwa Avantaj yo avèk anpil atansyon pou jwenn plis enfòmasyon sou tout sa ki disponib pou ou ak manm fanmi k ap viv lakay ou ak mezi ou dwe pran pou jwenn pwoteksyon ou bezwen an.

,Mwen swete w ap pran avantaj nan tout sa ki disponib pou ou ak fanmi ou kòm yon manm ekip Clorox. Nou eksite pou ede ou kontinye demach w ap fè pou vin anfòm.

Mwen swete ou tout sa ki pi bon,



KIRSTEN MARRINER, VIS-PREZIDAN EGZEKITIF AK FONKSYONÈ RESPONSAB AFÈ PÈSONÈL AK AFÈ JENERAL



Jwen plis enfòmasyon

- **Ou gen kesyon jeneral sou avantaj Clorox yo?** Ale sou sitwèb cloroxbenefitsinfo.com, ki se sitwèb avantaj nou yo 24 èdtan pa jou ak 7 jou pa semèn, pou jwenn plis enfòmasyon sou chwa ou yo pou pwoteksyon an.
- **Ou vle revize yon sèten pwoteksyon ou?** Ale sou sitwèb [Clxhub > U.S. Total Rewards > Health & Welfare Service Center > Current Benefits](#). Pou antre nan Health & Welfare Service Center deyò rezo Clorox, ale sou sitwèb cloroxbenefits.com epi konekte nan

Fè Chwa ou yo



SOU ENTÈNÈT

Dirèkteman: cloroxbenefits.com

Koneksyon inik: [Clxhub > U.S. Total Rewards > Health & Welfare Service Center](#)

Rele Health & Welfare Service Center nan nimewo (833-550-5600) pou yo ede ou konekte sou entènèt oswa nan aplikasyon an.



TELEHAJE

Aplikasyon EmphyreanGO



RELE:

Health & Welfare Service Center

833-550-5600

Lendi-Vandredi,
6 a.m.-5 p.m. Lè Zòn Pasifik



Tanpri sonje: Si ou se yon nouvo anplwaye, li ka pran apeprè twa jou ouvrab apati dat anbochaj ou pou jwenn epi finalize enskripsyon ou nan telefòn oswa dirèkteman sou sitwèb cloroxbenefits.com (apeprè sèt jou ouvrab sou sitwèb [Clxhub > U.S. Total Rewards > Health & Welfare Service Center](#)).



LIS TOUT SA KI NESESÈ POU RESEVWA AVANTAJ OU YO

ANVAN OU ENSKRI

- ❑ **Evalye** chwa ou yo depi ou revize Gid sa a pou Resevwa Avantaj yo, sitwèb nou cloroxbenefitsinfo.com ak enfòmasyon yo nan [Clxhub > U.S. Total Rewards > Health & Welfare Service Center](#).
- ❑ **Ale sou sitwèb** mycloroxhealthcarerates.com pou wè tarif yo pou peman plan an pa mwa chak de semèn pou chwa yo pou pwoteksyon swen sante ou ak chwa pwoteksyon siplemantè yo.
- ❑ **Verifye** pou wè si pwofesyonèl swen medikal ou yo nan rezo a depi ou ale sou sitwèb:
 - Plan HSA (Partnership in Health): whyuhc.com/clorox
 - Plan PPO (Surest): britehr.app/Clorox-2024/1
 - Plan Kaiser: kp.org/searchproviders

SA POU KONSIDERE LÈ W AP ENSKRI

- ❑ **Deside** si ou vle kouvri depandan. Si w ap kouvri depandan ou yo pou premye fwa, w ap bezwen bay prèv kalifikasyon pou chak depandan nan 60 jou apre enskripsyon an ([p. 4](#)).
- ❑ **Konprann** ki avantaj k ap transfere apre-apre-ane epi kilès ou bezwen chwazi souvan chak ane pandan Enskripsyon Anyèl la. Men pou avantaj ou dwe enskri yo chak ane, menmsi ou te chwazi yo lontan:
 - kont pou Depans Fleksib pou Swen Sante (Healthcare Flexible Spending Accounts, (HCFSA) ak/oswa Kont Depans Fleksib pou Swen Depandan (Dependent Care Flexible Spending Accounts (DCFSA)
 - Kotizasyon ou yo nan yon Kont Epay Sante(Health Savings Account, HSA), si ou chwazi plan medikal HSA (Partnership in Health)¹
 - Konje siplemantè nan Plan Acha Vakans (Vacation Purchase Plan, VPP) pou manm ekip non-egzante (ki touche pa èdtan) pwodiksyon ak manm ekip ki pa nan pwodiksyon²
- ❑ **Revize** enfòmasyon pèsònèl ou (adrès kay ou, enfòmasyon kontak pèsònèl, elatriye.) nan Workday.
- ❑ **Revize** benefisyè sante ak byennèt ou yo sou sitwèb cloroxbenefits.com or [Clxhub > U.S. Total Rewards > Health & Welfare Service Center](#).
- ❑ **Ale sou sitwèb** cloroxbenefits.com oswa [Clxhub > U.S. Total Rewards > Health & Welfare Service Center](#) pou enskri nan Avantaj ou yo pou ane 2024.

APRE OU ENSKRI

- ❑ **Revize** konfimasyon nou voye ba ou pa lapòs konsènan avantaj yo. Rele nimewo 833-550-5600 nan 10 jou apre ou resevwa konfimasyon an pou rapòte nenpòt erè.
- ❑ **Prezante** prèv kalifikasyon pou nenpòt nouvo depandan ou ajoute. Pwoteksyon an p ap anvigè jiskaske ou prezante prèv kalifikasyon an epi nou verifye li., **Gade paj 4** pou jwenn plis enfòmasyon. Ou kapab ale tou sou sitwèb [Qualified Life Event section on cloroxbenefitsinfo.com](#) ou jwenn plis enfòmasyon epi pou jwenn yon lis dokiman ki akseptab konsènan verifikasyon depandan.
- ❑ **Bay priyorite** pou sante ak byennèt ou! Pran avantaj sou resous ki disponib yo kòm pati nan pwogram avantaj ou yo byennèt ou.

SA KI ENPÒTAN POU SONJE

- **Si ou se yon nouvo anplwaye**, ou **dwe** fè chwa avantaj ou yo nan 31 jou apre dat anbochaj ou. Si dat anbochaj ou se ant 6 Novanm ak 31 Desanm 2023, ou dwe fè de enskripsyon: premye a se pou avantaj ou yo pou ane 2023, answit pou avantaj ou yo pou ane 2024.
- Ou **dwe** enskri nan pwoteksyon medikal Clorox sipòte pou ou kalifye pou:
 - Pwoteksyon pou fètillite anba avantaj nou yo pou fòmasyon fanmi avèk Carrot
 - Avantaj pou vwayaj ak ebèjman
 - Sèvis pou resevwa dezyèm pwendvi avèk 2nd.MD

OU PA KAPAB ANTRE NAN CLXHUB?

Si ou deyò rezo Clorox epi ou ta renmen enskri nan avantaj ou yo, ale sou sitwèb la dirèkteman at cloroxbenefits.com oswa rele nimewo 833-550-5600.

1 si ou te gen plan HSA (Partnership in Health) nan ane 2023 epi ou re-chwazi li pou ane 2024, kantite lajan kotizasyon ou pou ane 2023 **pa ap** transfere. Re-chwazi kantite lajan kotizasyon ou yo pou ane 2024 pandan Enskripsyon Anyèl la. Sonje, ou kapab modifiye kotizasyon ou yo nan HSA nenpòt moman pandan ane a.

2 Jwenn plis enfòmasyon sou VPP depi ou ale sou sitwèb [Clxhub > Our Company > Policies & Procedures > Vacation Purchase Policy](#).

Kimoun ki kalifye?

Tout manm ekip Etazini ki nan orè poui travay pou plis pase 20 èdtan pa semèn kalifye pou avantaj Clorox.

Men kèk moun ki swe depandan kalifye ou yo:

- Madanm/mari ou oswa patnè nan kay ou; ("patnè")
- Pitit ou/pitit patnè ou ki poko gen Laj 26 zan
- Pitit ou patnè ou ki poko gen laj 26 zan yon timoun pwoteksyon swen sante obligatwa avèk yon Lòd pou Sipò Medikal Kalifye pou Timoun (Qualified Medical Child Support Order, QMCSO) oswa lòt lòd ekivalan tribinal oswa lòd administratif
- Timoun nenpòt laj ki depannde ou akòz yon andikap fizik oswa mantal

Lè pou ou bay prèv kalifikasyon

Pou enskri depandan nan plan medikal, plan pou swen dan ak plan pou swen zye, mete nimewo Sekirite Sosyal yo prè pandan enskripsyon an (oswa imedyatman li posib pou nouvo bebe yo).

W ap gen 60 jou apati dat enskripsyon ou anvigè pou bay prèv kalifikasyon pou depandan yo (egzanp, batistè, dosye nesans nan lopital, lisans maryaj, fòm deklarasyon taks sou revni). Si ou pa fè sa, depandan ou yo p ap kouvri anba avantaj ou yo. Pou prezante prèv ki obligatwa yo, ale sou sitwèb [Clxhub > U.S. Total Rewards > Health & Welfare Service Center](#) oswa rele nimewo 833-550-5600 (Lendi-Vandredi, 6 a.m.-5 p.m. PT).

Nòt Enpòtan: Lè nou verifye kalifikasyon an, pwoteksyon depandan an pral kòmanse anvan dat kalifikasyon ou. N ap fè dediksyon tout peman pa mwa ou p at fè yo nan chèk peman ou yo.

FRÈ SIPLEMANTÈ POU PEYE POU MADANM OSWA MARI/ PATNÈ OU K AP TRAVAY

Si madanm oswa mari/patnè ou kalifye pou enskri nan pwoteksyon medikal angwoup patwon li men ou deside kouvri li avèk yon plan medikal Clorox pito, w ap peye yon frè siplemantè \$150 pa mwa. Frè siplemantè a pa aplike si madanm ak mari/ patnè yo travay pou Clorox, epi li pa aplike pou pwoteksyon pou swen dan oswa swen zye.

VERIFYE ENFÒMASYON DEPANDAN OU YON DEZYÈM FWA

Lwa konsènan Pwoteksyon Pasyan ak Swen Sante Bon Mache egzije Clorox pou rapòte nimewo Sekirite Sosyal (Social Security number, SSN) yo chak ane pou tout depandan ki enskri nan plan sante nou yo. Revize epi, jan li nesèsè, modifiye SSN ak prenon ak non fanmi depandan ou yo nan Clorox Health & Welfare Service Center.



Chwa plan medikal ou yo

Clorox ofri de plan medikal nasyonal pou tout anplwaye yo ak yon twazyèm chwa (Kaiser) pou moun k ap viv nan California. Tout plan yo gen pwoteksyon pou medikaman sou preskripsyon, ansanm avèk yon kopeman \$5 nan rezo a pou sèten medikaman prevantif pou ede pwoteje ou kont yon pwoblèm medikal oswa pou ede ou kontwole li. Ou kapab ekonomize lajan tou depi ou itilize sèvis famasi ki nan rezo a epi depi ou chwazi medikaman jenerik parapò avèk medikaman ki gen non komèsyal.

Plan HSA (Partnership in Health)

Plan HSA (Partnership in Health) moun ki administre a (UHC) bay pwoteksyon medikal konplè ak aksè nan **pwofesyonèl swen sante nan rezo a ak deyò rezo a** tout kote nan peyi a. Ou pa bezwen yon referans nonplis lè ou ale nan klinik yon espesyalis.

Plan HSA (Partnership in Health) ase yon **konsepsyon plan ki gen gwo franchiz**, sa ki vle di ou responsab pou depans swen medikal ou jiskaske ou rive nan franchiz ou. Apre sa, w ap peye yon pousantaj depans pou swen (ki rele ko-asirans) jiskaske ou rive nan maksimòm depans avèk lajan pòch ou. Gade konparezon pwoteksyon plan medikal la nan [paj 8](#) pou jwenn plis detay.

Pou ede ou rezève lajan pou fè depans medikal yo avèk lajan pòch ou – kounye a oswa pidevan – chwa plan medikal sa a gen ladan aksè nan yon **Kont Epay Sante, (Health Savings Account, HSA)**. Clorox ap fè yon kotizasyon kotize nan HSA ou chak ane, epi ou kapab kotize avèk lajan ou anvan taks nan chèk peman ou jiska limit IRS. Ou kapab menm transfere lajan yon lòt HSA nan kont HSA Clorox ou, ki p ap konte nan limit kotizasyon anyèl ou.

LIMIT KOTIZASYON NAN HSA POU ANE 2024

	Kotizasyon anyèl Clorox ¹	Limit anyèl selon IRS pou ane 2024
Anplwaye Sèlman	\$500	\$4,150
Anplwaye + Madanm/Mari Anplwaye + Timoun Anplwaye+ Fanmi	\$1,000	\$8,300
Ratrapaj pou laj 55 ane ak plis	N/A	\$1,000

¹ Kotizasyon anyèl Clorox konte nan limit IRS. Kotizasyon anyèl Clorox yo disponib sèlman pou anplwaye aktif yo. Si ou se yon nouvo anplwaye, w ap resevwa yon kotizasyon pwopòsyonèl.

Men sèlman kèk nan avantaj yo lè ou gen yon HSA:

- **Ou posede kont lan:** Lajan ki nan kont ou se toujou pou ou pou kenbe – menmsi ou chanje plan medikal yo pita oswa menmsi ou kite konpayi a. Kontrèman ak yon Kont Depans Fleksib (Flexible Spending Account, FSA) pa gen règ ki endike " itilize li oswa pèdi li" avèk yon HSA.
- **Kontwole depans ou ak epay ou:** Lè w ap resevwa swen sante, w ap deside si ou vle peye avèk lajan HSA ou oswa avèk lajan pòch ou.
- **Siveye lajan ou k ap grandi:** Si ou deside pa itilize lajan HSA ou pou peye pou swen sante ou, ou kapab ekonomize li pou depans medikal kalifye yo pidevan, menm lè ou retirete. Lè balans kont ou rive a \$1,000, w ap resevwa enterè epi w ap gen chwa pou investi yon pati nan lajan ou oswa tout lajan ou nan yon varyete fon avèk Optum Bank. Se tankou yon 401(k) pou swen sante ou!
- **Triple ekonomi lajan ou sou taks:** Avèk yon HSA, w ap menm ekonomize plis lajan nan taks. Kotizasyon endividyèl ou yo, kotizasyon Clorox, retrè pou depans medikal kalifye ak revni ou touche nan enterè ak investisman yo, pa gen taks federal pou peye sou yo tout. HSA bay avantaj nan taks nan pifò eta yo; chita pale avèk konseye fiskal ou pou detèmine ki ekonomi lajan nan taks ki aplike nan eta ou. (Pa egzanp, California pa rekonèt kotizasyon nan HSA kòm kotizasyon anvan taks.)
- **Chanje kantite lajan kotizasyon o nenpòt lè:** Sonje pou chwazi kotizasyon HSA ou menmsi ou kapab chanje yo nenpòt lè pandan ane a. Kit ou chwazi pou kòmanse kotize kounye a, oswa pou rete tann jouk pita nan ane a, kotizasyon Clorox nan HSA ou pral disponib apre premye chèk peman ou.

SI OU NOUVO NAN PLAN HSA (PARTNERSHIP IN HEALTH) POU ANE 2024:

Ou pa kapab patisipe nan yon Kont Depans Fleksib pou Swen Sante (HCFSA) akòz restriksyon IRS ki entèdi patisipasyon nan anpil kont ki gen avantaj fiskal anmenmtan. Ou toujou ka kotize nan yon Kont Depans Fleksib pou Swen Depandan (Dependent Care Flexible Spending Account, DCFSA).

Si ou gen yon HCFSA A ki gen lajan ou pa itilize, Clorox ap mete lajan an nan yon Limited Purpose FSA, ou kapab itilize pou depans pou swen dan ak swen zye. Si sitiyasyon sa a aplike pou ou, nou pral kontakte ou pou ba ou plis enfòmasyon.

Depans pou swen sante kalifye

Ou kapab itilize lajan HSA ou pou depans kalifye yo pou oumenm, madanm ouwa mari ou ouwa depandan kalifye ou yo, menmsi yo pa kouvri avèk plan PIH ou ki gen HSA. Men kèk nan depans kalifye yo:

- Franchiz, kopeman ak ko-asirans nan plan medikal ak plan pou swen dan
- Depans pou swen zye
- Medikaman sou preskripsyon
- Medikaman san preskripsyon

Ale sou sitwèb [Clxhub > U.S. Total Rewards > United Healthcare > Manage Your Health Savings \(HSA\) > Frequently Asked Questions](#) pou jwenn egzanp komen depans medikal kalifye yo avèk HSA.

ÈSKE MWEN KALIFYE POU YON HSA?

IRS gen règ pou patisipasyon ou nan HSA. Ale sou sitwèb [irs.gov](#) pou jwenn yon lis konplè kondisyon yo pou kalifye.

Plan PPO (Surest)

plan PPO (Surest) se yon plan kopeman ki anba administrasyon Sunrest, yon konpayi UnitedHealthcare (UHC). Tankou plan HSA (Partnership in Health), plan PPO (Surest) bay yon pwoteksyon medikal konplè ak **aksè nan pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a ak deyò rezo a toupatou nan peyi a**, epitou ou **pa bezwen yon referans** pou ale nan klinik yon espesyalis.

plan PPO (Surest) se yon **konsepsyon plan ki gen kopeman**, sa ki vle di li gen kèk diferans kle tou, sitou lè le poui peye pou swen sante epi pou ekonomize lajan pou pidevan.

Men kèk avantaj kle plan PPO (Surest):

- **Pa gen franchiz ouwa ko-asirans:** Sa vle di ou p ap gen pou fè yon gwo depans avèk lajan pòch ou anvan plan an kòmanse peye pou swen an – ni ou p ap gen pou responsab pou yon pousantaj swen an apre ou rive nan franchiz la. Kòm yon plan kopeman, plan PPO (Surest) ap asire ou peye yon tarif fiks lè w ap resevwa swen sante. Gade konparezon pwoteksyon plan medikal la nan [paj 8](#) pou jwenn plis detay.
- **Plis depans pou swen sante ki prediktib:** Non sèlman pa gen franchiz ouwa ko-asirans, plan PPO (Surest) gen yon aplikasyon ki fasil pou itilize ak yon sitwèb k ap fè ou konnen egzakteman sa kopeman ou pral ye anvan ou ale nan klinik doktè.

- **Rekonpanse tèt ou paske ou wè pi bon doktè yo:** plan PPO (Surest) klase doktè yo ki nan zòn ou an fonksyon amelyorasyon rezilta sante ak efikasite ekonomik. Answit surest asiye kopeman ki pi ba yo ba doktè ki pi byen klase yo. Sa vle di w ap peye mwens lajan lè ou fè li yon pwen pou wè doktè ki pi byen klase yo nan zòn ou – pou asire ou resevwa swen nivo siperyè nan yon pri bon mache.

Epitou, menmsi plan PPO (Surest) pa vini avèk yon HSA, ou kapab kotize nan yon Kont Depans Fleksib pou Swen Sante (HCFSAs). Ou ka kontinye itilize tou nenpòt kantite lajan HSA anpile ou ka gen pou peye pou depans medikal yo. Gade [paj 16](#) pou jwenn plis enfòmasyon sou fason yon HCFSAs travay.

SWEN PREVANTIF YO TOUJOU KOUVRI A 100%

Kèlkeswa plan medikal ou chwazi, vizit ou yo pou swen prevantif nan rezo a kouvri gratis pou ou.



Pa gen pi bon moman pou pwograme egzamen woutin yo ak tès depistaj kansè – tankou mamogram, tès depistaj pou kansè kolon ak kansè sèvikal ak plis. Gen yon fason ideyal pou idantifye pwoblèm sante yo anvan yo vin pi grav – ak pi chè pou trete.

Plan Kaiser (CA sèlman)

Plan Kaiser disponib pou manm ekip nou yo ki nan California epi li bay pwoteksyon medikal konplè ak aksè nan **pwofesyonèl swen sante yo ki nan rezo a sèlman**.

Men fason plan Kaiser travay ak fason li konpare avèk plan HSA (partnership in Health) ak plan PPO (Surest):

- **Konsepsyon plan ki gen franchiz:** Tankou Plan HSA (Partnership in Health) se yon konsepsyon plan ki gen gwo franchiz, sa ki vle di ou responsab pou depans swen medikal ou jiskaske ou rive nan franchiz ou. Apre sa, w ap peye yon pousantaj depans pou swen (ki rele ko-asirans) jiskaske ou rive nan maksimòm depans avèk lajan pòch ou. Gade konparezon pwoteksyon plan medikal la nan [paj 8](#) pou jwenn plis detay.
- **Ou kalifye pou HCFSA:** Tankou plan PPO (Surest) W ap kalifye pou enskri nan yon HCFSA lè ou chwazi plan Kaiser, yon fason pou ou kapab toujou kotize avèk lajan ou anvan taks pou peye pou depans pou swen sante ki pa kouvri avèk plan an.
- **Itilize sant medikal Kaiser:** Ou dwe itilize yon sant medikal, pwofesyonèl swen sante ak famasi Kaiser, paske pa gen avantaj deyò rezo a nan plan sa a, sof nan ka ijans yo. Ou kapab wè doktè ou, ale nan yon laboratwa, epi pran medikaman sou preskripsyon ou, tout sa nan yon deplasman.
- **Referans obligatwa:** Pwofesyonèl swen prensipal (PCP ou se sèl pwen kontak ou, epi l ap planifye tout vizit ou yo pou swen sante ou, tankou vizit ou yo nan klinik, preskripsyon ou yo ak referans pou ou wè espesyalis yo. Pou wè yon espesyalis, ou dwe jwenn referans PCP ou, sof pou sèten ijans medikal oswa sèvis obstetrik/jinekolojik.
- **Modèl sèvis entegre:** Jwenn plis enfòmasyon sou modèl sèvis entegre Kaiser nan sitwèb select.kaiserpermanente.org/the-clorox-company.

DETAY PLAN AVANTAJ YO

Pou jwenn fòmilè medikaman sou preskripsyon an, dokiman ofisyèl plan an, ak lòt resous pou avantaj yo, ale sou sitwèb **Clixhub > U.S. Total Rewards > Health & Welfare Service Center > Menu > Atik yo Chèche konnen > Plan Materials**.



Konparezon pwoteksyon plan medikal

	Plan HSA (Partnership in Health)		Plan PPO (Surest)		Plan Kaiser (California Sèlman)
	Nan Rezo a	Deyò Rezo a	Nan Rezo a	Deyò Rezo a	Nan Rezo a Sèlman
Franchiz					
Anplwaye Sèlman	\$1,600	\$1,600	\$0	\$0	\$600
Anplwaye + madanm oswa mari oswa patnè nan kay, oswa Timoun (yo)	\$3,200	\$3,200	\$0	\$0	\$1,200
Anplwaye + Fanmi	\$3,200	\$3,200	\$0	\$0	\$1,200
Depans Maksimòm avèk Lajan Pòch ou					
Anplwaye Sèlman	\$2,750	\$5,500	\$3,000	\$6,000	\$2,750
Anplwaye + madanm oswa mari oswa patnè nan kay, oswa Timoun (yo)	\$5,500	\$11,000	\$6,000	\$12,000	\$5,500
Anplwaye + Fanmi	\$5,500	\$11,000	\$6,000	\$12,000	\$5,500
Kotizasyon Konpayi a¹					
Anplwaye Sèlman	\$500		N/A		N/A
Anplwaye + madanm oswa mari oswa patnè nan kay, oswa Timoun (yo)	\$1,000		N/A		N/A
Anplwaye + Fanmi	\$1,000		N/A		N/A
Sèvis Komen yo					
Vizit nan klinik: PCP/Espesyalis	20% apre franchiz	40% apre franchiz	\$20- \$125	\$250	20% apre franchiz
Swen prevantif ²	garanti okonplè	garanti okonplè	garanti okonplè	\$190	garanti okonplè
Saldijans	20% apre franchiz	20% apre franchiz	\$750	\$750	20% apre franchiz
Admisyon ou kòm pasyan ki entène nan lopital	20% apre franchiz	40% apre franchiz	\$2,000	\$4,000	20% apre franchiz
Operasyon kòm pasyan ki pa entène	20% apre franchiz	40% apre franchiz	\$150- \$3,000	\$2,000- \$6,000	20% apre franchiz
radyografi/laboratwa	20% apre franchiz	40% apre franchiz	Woutin (radyografi, laboratwa, iltason): \$0 Imajri Konplèks (MRA, CT, elatriye): \$125- \$900	Woutin (radyografi, laboratwa, iltason): \$0 Imajri Konplèks (MRA, CT, elatriye): \$1,550- \$1,800	20% apre franchiz
Lòt sèvis	20% apre franchiz	40% apre franchiz	\$150 - \$1,000 ³	\$2,000 ³	20% apre franchiz

1 Kantite lajan HSA pwopòsyonèl pou nouvo anplwaye yo ak nouvo manm yo.

2 Wè yon lis sèvis ki kouvri yo sou sitwèb www.healthcare.gov/coverage/preventive-care-benefits/.

3 Reprézante Lòt Sèvis nan Lopital pou Pasyan Deyò; ale nan Rezime Deskripsyon Plan an pou jwenn deskripsyon detaye avantaj yo.

Konparezon pwoteksyon plan medikal (kontinye)

	Plan HSA (Partnership in Health)		Plan PPO (Surest)		Plan Kaiser (California Sèlman)
	Nan Rezo a ⁴	Deyò rezo a ⁴	Nan Rezo a ⁴	Deyò rezo a ⁴	Nan Rezo a Sèlman
Famasi (Detayan)					
Prevansyon/ antretyen	1-30 jou: Kopeman \$5 31-60 jou: Kopeman \$10 61-90 jou: Kopeman \$15	40% apre franchiz	1-30 jou: Kopeman \$5 31-60 jou: Kopeman \$10 61-90 jou: Kopeman \$15	1-30 jou: Kopeman \$10 31-60 jou: Kopeman \$20 61-90 jou: Kopeman \$30	1-90 jou: Kopeman \$5 ⁵
Jenerik (kantite pou 30 jou / kantite pou 90 jou)	20% apre franchiz	40% apre franchiz	Kopeman \$20 / kopeman \$50	Kopeman \$40 / kopeman \$100	20% apre franchiz jiska yon maksimòm \$50 ⁵
Non komèsyal nou rekòmande (kantite pou 30 jou / kantite pou 90 jou)	20% apre franchiz	40% apre franchiz	Kopeman \$60 / kopeman \$150	Kopeman \$120 / kopeman \$300	20% apre franchiz jiska yon maksimòm \$100 ⁵
Non komèsyal nou pa rekòmande (kantite pou 30 jou / kantite pou 90 jou)	20% apre franchiz	40% apre franchiz	Kopeman \$120 / kopeman \$300	Kopeman \$240 / kopeman \$600	20% apre franchiz jiska yon maksimòm \$100 ⁵
Espesyalite (kantite pou 30 jou)	20% apre franchiz	40% apre franchiz	Jenerik: Kopeman \$330 Sa nou rekòmande Kopeman \$370 Sa nou pa rekòmande: Kopeman \$400	Pa Garanti	20% apre franchiz jiska yon maksimòm \$100 ⁶

4 N ap ranbouse tout reklamasyon famasi (nan rezo a ak deyò rezo a) dapre tarif ki endike nan kontra a mwens kopeman/ko-asirans ki anvigè.

5 Jiska yon kantite medikaman pou 100 jou apre franchiz plan an.

6 Jiska yon kantite medikaman pou 30 jou apre franchiz plan an.

Fason pou resevwa pifò nan avantaj plan medikal ou

Gen anpil lòt avantaj nan pwoteksyon medikal nou pase sa ou ta reyalize, epi nou vle pou ou pran avantaj nan tout sa nou ofri pou ou vin an fòm Oumenm ak fanmi ou kapab gen posibilite pou jwenn yon kantite chwa ak resous siplemantè:

Pa rete tann pou resevwa swen prevantif ou

Li enpòtan pou fè tchekòp anyèl yo ak tès depistaj ki rekòmande pou laj ou pou ou kapab detekte nenpòt pwoblèm sante anvan yo vin grav.

Swen prevantif nan rezo a kouvri avèk tout plan medikal kalifye yo **gratis pou ou**, poutèt sa poze doktè ou kesyon sou tès depistaj rekòmande yo ak lòt swen prevantif ki kapab fè sans pou ou—tankou egzamen fizik anyèl, mamogram ak kolonoskopi. **Ou kapab reyalize 4,000 pwen Virgin Pulse pou tès depistaj prevantif sa yo.**



Chèche jwenn yon dezyèm pwendvi medikal

2nd.MD bay posibilite pou wè yon ekip doktè klas mondyal. Doktè yo ap revize dosye medikal ou yo epi y ap bay yon dezyèm pwendvi konfidansyèl sou dyagnostik ou ak plan tretman ou. Nou bay sèvis sa a gratis pou ou epi li disponib pou nenpòt moun ki enskri nan yon plan medikal Clorox sipòte.

Ale sou sitwèb 2nd.md/clorox oswa telechaje aplikasyon 2nd.MD apati 1ye Janvyè 2024 pou kòmanse.

Jwi avantaj swen vityèl ou

Ou pa santi ou byen? Nou vle pou li vin pi fasil pou ou pou resevwa swen sante ou bezwen an. Swen vityèl se yon fason pratik pou pale avèk yon doktè nan konfò pwòp kay ou. Tout plan medikal yo ofri vizit vityèl nan telefòn oswa videyo pou pwoblèm sante tankou alèji, enfeksyon zye, grip, gratèl, gòj irite, doule nan lestomak, sentòm COVID-19 ak plis. Ou kapab resevwa yon preskripsyon sou plan vityèl tou.

Pou plan HSA (Plan yo avèk Partnership in Health) ale sou sitwèb myuhc.com, telechaje aplikasyon UnitedHealthcare pou aparèy mobil oswa rele nimewo 855-615-8335. Pou plan PPO (Surest), konekte nan aplikasyon Surest oswa ale sou sitwèb benefits.surest.com. Pou Kaiser, ale sou sitwèb kp.org/getcare, telechaje aplikasyon Kaiser pou aparèy mobil oswa rele nimewo 866-454-8855. Ou kapab kontakte PCP ou tou si li ofri vizit Vityèl.

Pwoteje tèt ou avèk vaksen

Rete an sante epi ede moun ki bòkote ou vin byen depi yo pran vaksen ou yo. Yo disponib gratis pou ou. N ap ba ou Yo sa yo gratis. Jwenn yon sant medikal ki pre ou:

	Vaksen/rapèl kont COVID-19/	Vaksen kont grip
Manm UHC yo	<ul style="list-style-type: none">• uhc.com/health-and-wellness/health-topics/covid-19/vaccine	<ul style="list-style-type: none">• uhc.com/flushot• Konekte nan sitwèb myuhc.com > Find Care & Costs epi tape “flu shot” (vaksen kont grip) nan ba-rechèch la.
Manm Surest yo	<ul style="list-style-type: none">• Konekte sou sitwèb benefits.surest.com epi itilize ba-rechèch la pou jwenn vaksen yo kont COVID-19• Rele nimewo: 866-683-6440	<ul style="list-style-type: none">• Konekte sou sitwèb benefits.surest.com epi itilize ba-rechèch la pou jwenn vaksen yo kont grip• Rele nimewo: 866-683-6440
Manm Kaiser yo	<ul style="list-style-type: none">• kp.org/getcare• KP COVID Vaccine InfoLine: 855-550-0951	<ul style="list-style-type: none">• kp.org/flu• rele NorCA: 800-573-5811 (800-KP-FLU-11) or SoCA: 866-706-6358 (866-70-NO FLU)

Kontakte pwofesyonèl swen sante ou oswa departman sante eta oswa lokal ou pou jwenn dènye enfòmasyon lokal yo sou tès yo.

**PRAN
IYANTAJ
NAN:
TOUT SA NOU OFRI POU
OU VIN ANFÒM!**



Lòt pwoteksyon medikal: avantaj siplemantè pou sante

Menm lè ou gen asiran sante, kèk pwoblèm medikal kapab lakòz ou fè gwo depans avèk lajan pòch ou. Pa egzanp konsidere depans yo si ou pa kapab fè aktivite jounalye nòmal ou yo tankou kondi yon oto, kwit manje oswa siveye pitit ou akòz yon pwoblèm medikal. Avantaj siplemantè yo pou sante se yon fason ideyal pou pwoteje revni ou ak fanmi ou.

Nou fè yon patenarya avèk Securian pou ofri ou twa chwa avantaj siplemantè pou sante:

- Asirans pou aksidan
- Asirans pou Maladi Grav
- Asirans pou Konpansasyon Lopital

Asirans pou aksidan

Asirans pou aksidan ap ba ou yon sèl peman an lajan kach si oumenm oswa yon depandan kouvri ou pran chòk nan yon aksidan lakay ou oswa nan travay epi aksidan an kouvri anba kontra asirans ou. Men ou kapab itilize lajan an jan ou vle kit se pou fè depans medikal oswa depans pou viv chak jou.

Kantite lajan peman yo depannde chòk la ak fason ou resevwa swen medikal la(egzanp saldjans, swen ijan, klinik doktè). Kèk nan egzanp chòk ki kouvri yo se zo kase brili, ligaman chire, chòk nan tèt oswa disk kase elatriye.



KIMOUN SECURIAN YE?

Securian t ap bay avantaj siplemantè kalite siperyè pou sante depi ane 1880. Nou te chwazi Securian kòm patnè nou paske nou konnen yo pral bay manm ekip nou yo yon eksperyans sèvis eksepsyonèl, teknoloji inovatè pou ede ou pran desizyon yo ki baze sou bon enfòmasyon sou avantaj yo ak yon pwosesis fail lè ou bezwen fè yon reklamasyon.

ÈSKE OU BEZWEN ÈD POU CHWAZI PI BON AVANTAJ SIPLEMANTÈ YO POU SANTE?

Zouti rechèch sou Avantaj Securian ap pèmèt ou pa twonpe nan seleksyon ak chwa pwoteksyon ou. Benefit Scout se yon zouti edikasyonèl inik sou entènèt ki ede ou aprann ki avantaj Securian ki ta pi bon pou sitiyasyon pèsònèl ou.

Securian bay "Benefit Bump" tou, yon sèvis konsyèj pou fanmi k ap grandi yo pou ede yo fè rechèch nan avantaj konje paran ak nan lojistik pou retounen nan travay.

Ale sou sitwèb securian.com/clorox-insurance pou jwenn plis enfòmasyon.



RESEVWA PEMAN PASKE OU RETE AN BON SANTE!

Avèk asirans pou Maladi Grav oswa pou Konpansasyon Lopital, chak manm ki kouvri anba kontra asirans ou ap resevwa yon peman **\$50 an lajan kach** chak ane lè yo gen yon egzamen medikal woutin, tankou yon mamogram, fwoti vajinal, kolonoskopi, tè san PSA, tè estrès ak plis.

Ou enskri nan toulède avantaj sa yo? Ou pral resevwa peman an lajan kach la anba chak—**sa se \$100 pou chak moun!**

Asirans pou Maladi Grav

Asirans pou maladi grav ap ba ou yon sèl peman an lajan kach si doktè dekouvri oumenm oswa yon depandan kouvri ou gen yon maladi ki kouvri anba kontra asirans ou. Tankou Asirans pou aksidan, Mou kapab itilize lajan an nenpòt fason ou vle kit se pou fè depans medikal oswa depans pou viv chak jou.

Kantite lajan peman yo se apeprè \$30,000 pou manm ekip yo ak apeprè 15,000 pou madanm oswa mari ak timoun selon maladi a. Kèk egzanj maladi ki kouvri se kriz kadyak, estwok, kansè, maladi Alzheimer, paralizi, ensifizans renal ak grèf ògàn enpòtan yo.

Asirans pou Konpansasyon Lopital

Avèk yon depans mwayen \$10,000 pou chak kantite tan ou pase nan lopital nan Etazini, pwoteksyon asirans pou Konpansasyon Lopital ka gen yon sans sou plan finansye. Asirans pou Konpansasyon Lopital ap bay yon peman an lajan kach ki detèmine davans si oumenm oswa depandan ou entène nan lopital akòz yon aksidan oswa maladi grav ki kouvri anba kontra asirans ou.

asirans pou Konpansasyon Lopital li pa depannde kantite lajan bòdwo lopital ou oswa lòt avantaj medikal ou genyen oswa pa genyen. Li gen ladan gwoès tou. Konsa, Securian ap menm kite ou prezante reklamasyon ou pou akouchman lè ou rive nan **36 semèn gwoès**, pou ou kapab gen mwens pwoblèm pou enkyete lè pitit ou fèt.

Pou jwenn enfòmasyon detaye sou nenpòt nan avantaj siplemantè sa yo pou sante, ale sou sitwèb cloroxbenefitsinfo.com pou jwenn rezime avantaj yo.

MEN KÈK EGZANP NAN PEMAN KONPANSASYON LOPITAL:

Avantaj	Kantite lajan
Admisyon nan lopital	\$1,000 pou chak vizit
Inite Swen Entansif Intensive Unit Care, ICU)	\$1,000 pou chak vizit
Tan ou Pase nan Lopital	\$100 pa jou
Kantite tan ou pase nan ICU	\$100 pa jou

Kisa avantaj siplemantè yo kouvri?

Men kèk nan evènman ki pi komen yo, tretman ak chòk ki kalifye pou peman avèk lajan kach anba pwoteksyon avantaj siplemantè pou sante. Paske lis evènman ki kouvri yo twò long pou endike la a, ale sou sitwèb securian.com/clorox-insurance pou jwenn plis enfòmasyon.

ASIRANS POU AKSIDAN

- Zo kase
- Brili
- Ligaman chire
- Chòk twomatik nan sèvo
- Chòk nan zye
- Disk kase

MALADI GRAV

- Kriz kadyak oswa estwok
- Kansè
- Maladi Alzheimer
- Paralizi
- Ensifizans renal
- Grèf ògàn enpòtan

KONPANSASYON LOPITAL

- Admisyon ak kantite jou ou pase nan lopital
- Admisyon ak kantite jou ou pase nan ICU

Avantaj ki sipòte etap inik ou

Se objektif nou pou bay avantaj ki ofri yon bagay pou tout moun. Poutèt sa, lè se pou grandi fanmi ou oswa pou viv dapre vrè idantite seksyèl ou, nou gen pwogram pou sipòte ou ak moun pa ou yo pandan etap ou.

Avantaj pou fòmasyon fanmi

Tout moun pa sou menm wout la lè se pou planifye oswa grandi yon fanmi. Clorox ofri yon **avantaj total \$20,000 pandan dire kontra asirans lan pou fòmasyon fanmi** pou ede manm ekip nou yo ak moun pa yo avèk bezwen yo pou adopsyon yo, matènite ranplasman ak fètilite yo. Se Carrot ki administre avantaj la, epi yo pral la pou ede chak etap pwosesis la –depi nan konprann chwa ki disponib yo jiska jwen bon pwofesyonèl swen sante a epi pou fè pwochen etap ou.

Anplwaye yo ap kalifye pou ranbousman pou yon varyete jeneral depans ki kouvri, tankou:

- Konsiltasyon pou fètilite
- Analiz espèm
- Konsèvasyon fètilite pou gason yo ak fanm yo
- Tès jenetik ki gen rapò avèk fètilite (egzanp, PGT- A, PGT-M)
- Enseminasyon entra-iterin
- Fekondasyon in vitro
- Transpò materyèl repwodiksyon
- Depans estokaj pou ze, espèm ak/oswa anbriyon
- Medikaman pou fètilite
- Asistans nan adopsyon
- Asistans nan matènite ranplasman
- Sipò pou vyeyisman òmonal an sante (menopoz ak T fèb)

KIMOUN CARROT YE?

Nou te chwazi Carrot pou bay avantaj yo pou fòmasyon fanmi akòz gwo rezo yo ak kalite siperyè yo, navigasyon nan swen endividyalize ak espètiz klinik nou konnen yo pral bay chak manm ekip. Carrot nan yon misyon pou fè fètilite ak swen pou fòmasyon fanmi vin fasil pou jwenn ak bon mache pou tout moun— kèlkeswa laj yo, ras yo, sèks yo, preferans seksyèl yo, idantite seksyèl yo oswa pozisyon jewografik yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb app.get-carrot.com/.



KALIFIKASYON POU AVANTAJ POU FÒMASYON FANMI

Avantaj pou adopsyon ak matènite ranplasman— tout manm ekip yo, madanm oswa mari yo ak patnè nan kay yo kalifye pou avantaj yo kèlkeswa nan plan medikal yo enskri

Avantaj pou fètilite— manm ekip yo, madanm oswa mari yo ak patnè nan kay yo ki enskri nan yon plan medikal Clorox sipòte



Avantaj pou vwayaj ak lojman

Kote w ap viv la pa ta dwe afekte posiblite ou pou resevwa swen sante ou bezwen an Si pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a disponib nan zòn ou, Clorox ap ofri ou yon **avantaj \$10,000 pandan dire kontra asirans lan pou vwayaj ak lojman** pou ede ou avèk vwayaj ki depase distans 50 mil pou resevwa swen ou bezwen an pou tout sèvis medikal ki kouvri yo – tankou sèvis pou repwodiksyon ak sèvis afimasyon sèks.

Gid IRS yo egzije pou itilize avantaj la pou pri ki gen rapò avèk sèvis transpò ou pran sitou epi ki enpòtan pou resevwa swen medikal la. Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan depans ki kalifye anba avantaj sa a, ale sou sitwèb irs.gov. Avantaj \$10,00 se yon avantaj maksimòm nou bay pandan dire kontra a pou chak moun ki sou plan medikal ou. Manm ekip yo, madanm oswa mari yo ak patnè nan kay yo dwe enskri nan yon plan medikal Clorox sipòte pou yo resevwa avantaj sa a.

Pwoteksyon pou swen dan

Dan ak jansiv ki an sante enpòtan pou sante jeneral ou, poutèt sa li enpòtan pou kenbe yon bon ijyèn oral epi pou ale nan klinik dantis regilyèman pou fè tchekòp. Plan nasyonal nou pou swen dan avèk UnitedHealthcare (UHC) ap pèmèt ou ale nan klinik nenpòt dantis ou chwazi, menmsi pri yo anjeneral pi ba lè ou ale nan klinik pwofesyonèl swen dan ki nan rezo a. Jwenn yon pwofesyonèl swen dan sou sitwèb myuhc.com > [Find a Doctor](#) > [Find a Dentist](#). (Rezo: National Options PPO 10).

Pou jwenn enfòmasyon detaye sou pwoteksyon pou swen dan, ale sou sitwèb, [Clxhub > U.S. Total Rewards > Health & Welfare Service Center > Chèche konnen](#) pou jenn yon rezime avantaj yo.

Pwoteksyon	
Franchiz Anyèl	\$50 pou chak moun, \$150 pou chak fanmi
Swen prevantif	100% (pa gen franchiz)
Pwoteksyon apre ou satisfè franchiz anyèl la	<ul style="list-style-type: none"> Swen debaz: 80% (maksimòm anyèl \$2,000 pou chak moun) Swen prensipal: 50% (maksimòm anyèl \$2,000 pou chak moun) Swen otodontik: 50% (maksimòm anyèl \$1,500 pou chak moun)

Pwoteksyon pou swen zye

Bon vizyon ap amelyore kalite lavi ou, epi lè ou fè tcheke zye ou regilyèman sa se yon fason ideyal pou asire ou pa rate anyen. Vision Service Plan (VSP) se yon plan nasyonal k ap ba ou aksè nan pi gwo rezo doktè endepandan yo.

Ale sou sitwèb vsp.com pou achte vè-kontak, linèt ak linèt solèy. Chèche onglè Shop sou tablodbò CSP ou epi chwazi pami 50 non komèsyal. Jwenn monti linèt ou renmen, eseye yo sou plan vityèl epi klike sou Shop Eyeconic pou itilize avantaj swen zye ou pou acha w ap fè sou entènèt. Anplis rezo doktè VSP, Walmart ak Sam's Club fè pati nan rezo VSP tou. Pa bliye pran randevou pou egzamen zye ou jodi a menm!

Pou jwenn enfòmasyon detaye sou pwoteksyon pou swen dan, ale sou sitwèb, [Clxhub > U.S. Total Rewards > Health & Welfare Service Center > Chèche konnen](#) pou jwenn yon rezime avantaj yo.

Pwoteksyon	
Egzamen	Chak 12 mwa, kouvri apre kopeman \$10
Lantiy	Chak 12 mwa, kouvri apre kopeman \$25
Monti linèt	Chak 12 mwa, kouvri jiska \$150
Vè -kontak (olye linèt)	<ul style="list-style-type: none"> Chak 12 mwa, kouvri jiska \$130 Egzamen pou vè-kontak ki pa dwe depase yon kopeman \$60

Fason pou ogmante lajan ou avèk Kont Depans Fleksib (Flexible Spending Account, FSA)

Rezève lajan anvan taks pou peye pou depans kalifye yo depi ou kotize nan yon FSA pou Swen Sante (HCFSAs) ak/oswa FSA pou Swen Depandan (DCFSAs) avèk dedikasyon nan pewòl la chak de semèn. **ENPÒTAN: Ou dwe enskri yon fason aktif nan pwogram sa yo pou patisipe – chwa yo pa transfere ant yon ane ak yon lòt ane.**

Toujou sonje:

- HCFSAs ak DCFSAs se de kont apa. Ou pa kapab itilize lajan nan yon kont pou peye depans ki asosye avèk lòt la.
- Ou ka chanje kotizasyon anyèl ou yo pandan ane a si ou gen yon Evènman Lavi Admisib tankou maryaj, divòs, si ou gen yon bebe oswa si ou vin gen/pèdi pwoteksyon asirans lòt kote. Ale sou sitwèb [Qualified Life Event section on cloroxbenefitsinfo.com](https://www.qualifiedlifeevent.com) pou jwenn plis enfòmasyon.
- Si ou kite konpayi a, w ap pèdi nenpòt lajan ou pa itilize nan dènye jou ou.
- Si ou enskri nan plan **HSA (Partnership in Health)**, ou p ap kapab patisipe nan yon HCFSAs paske règ IRS yo endike ou pa kapab kotize nan toulède plan yo. Sa aplike si madanm oswa mari ou oswa patnè ou te enskri nan plan HCFSAs patwon li, kote yo kapab ranbouse lajan an pou depans pou swen sante kalifye.

	FSA pou Swen Sante	FSA pou Swen Depandan
Ki kantite lajan mwen kapab rezève?	Jiska \$3,200 pou chak manm ekip la Si li nesèsè, ou kapab itilize lajan ou nan kòmansman ane a epi ranbouse kont ou avèk dedikasyon yo nan pewòl la pandan rès ane a.	Jiska yon maksimòm \$5,000 ¹ pou chak fanmi sof si ou marye epi ou fè deklarasyon taks sou revni ou apa. Answit maksimòm nan se \$2,500 pou chak manm ekip ak madanm oswa mari/patnè. Manm ekip ki touche \$125,000 ak plis limite a \$1,500. ²
Ki depans ki kalifye?	Depans medikal, medikaman sou preskripsyon, franchiz plan pou swen dan ak plan pou swen zye, ko-asirans, ak lòt depans asosye, ki pa gen peman pa mwa yo ladan, se depans ki kalifye.	Depans pou swen pou pitit madanm oswa mari/patnè ou ki poko gen laj 13 zan oswa pou yon depandan ki gen andikap fizik oswa mantal epi ki pa kapab pran swen tèt li epitou ki gen menm adrès prensipal avèk manm ekip la pandan plis pase mwatye ane a. Gen ladan depans pou sant sèvis gadri, kan lajounen pandan vakans lete, sèvis swen bòn ak sant swen sante pou granmoun aje.
Èske mwen kapab transfere lajan pou ane pidevan yo?	Ou kapab transfere jiska \$640 pou itilize nan ane k ap vini an. Ou pa gen pou enskri nan FSA nan ane k ap vini an pou itilize lajan ki transfere a.	Ou pa kapab transfere lajan ou pa t itilize.
Ki dat limit pou mwen fè yon depans?	Ou dwe fè tout depans yo anvan 31 desanm ane plan an.	Ou dwe fè tout depans yo anvan 31 mas pwochen ane plan an.
Ki dat limit pou mwen prezante depans yo?	Ou gen jiska 31 mas pwochen ane plan an pou prezante reklamasyon ou yo pou resevwa ranbousman. ³	Ou gen jiska 15 jwen pwochen ane plan an pou prezante reklamasyon ou yo pou resevwa ranbousman. ³

¹ Kantite lajan ou kapab kotize ka mwens akòz règ IRS yo konsènan limit yo.

² Sèten manm ekip ki touche gwo revni ka gen kotizasyon DCFSAs yo limite a mwens pase \$1,500, akòz egzijans tès anti-diskriminasyon IRS.

³ si ou soti nan Clorox, pou nenpòt sèvis ou ta renmen itilize lajan HCFSAs, ou dwe fè depans lan nan oswa anvan dènye jou ou. Ou gen jouk nan fen ane a pou ajoute depans DCFSAs. W ap pèdi nenpòt lajan ki rete nan kont lan dapre règ IRS yo.

Pwoteksyon revni pou ou ak fanmi ou

Menmsi ou ka pa konnen sa ki k ap rive a, ou kapab pwoteje tèt ou ak fanmi ou sou plan finansye lè ou gen yon pwoblèm sanzatann avèk pwoteksyon Clorox pou andikap ak asirans-vi avèk MetLife.

Andikap pou tan kout ak andikap pou anpil tan

Clorox bay asirans pou andikap pou tan kout ak andikap pou anpil tan gratis pou ou. Apre yon peryòd pou tann setan, Clorox ap ranplase yon pòsyon nan revni ou si yon doktè ap trete ou epi si ou pa kapab travay. Nou bay:

- **Andikap pou tan kout:** 100% salè debaz Chak De Semèn pou sis semèn, epi apre sa a 66.67% pou yon sèten kantite semèn selon eta kote w ap viv la.
- **Andikap pou anpil tan:** 60% salè debaz ou chak mwa

Asirans-Vi ak Asirans pou Lanmò ak demanbreman akòz Aksidan (AD&D)

Clorox bay asirans-vi debaz ak aksidan pou lanmò ak demanbreman akòz aksidan(AD&D)gratis pou ou, ki egal a 1xsalè debaz anyèl ou, jiska \$1milyon. ²

Ou kapab achte pwoteksyon asirans-vi siplemantè ak AD&D tou.

	Asirans-Vi Siplemantè	AD&D Siplemantè
Pou Ou	1-9x salè debaz anyèl ou, jiska \$2 milyon <i>(Nouvo anplwaye yo kapab chwazi jiska 3x salè debaz anyèl yo oswa \$300,000, kèlkeswa sa ki pi piti a, san yon Deklarasyon sou Sante.)</i>	1-9x salè debaz anyèl ou <i>(Asirans debaz ou ak asirans AD&D siplemantè ou antou pa kapab depase \$2 milyon.)</i>
Pou Madanm oswa Mari/ Patnè Ou	1-4x salè debaz anyèl ou, jiska \$250,000 <i>(Pwoteksyon sa a pa ka depase total pwoteksyon asirans-vi debaz ak siplemantè ou. Ou ka chwazi pwoteksyon pou madanm/oswa mari/patnè ou san ou pa chwazi pwoteksyon pou oumenm.)</i>	1-4x salè debaz anyèl ou, jiska \$250,000 <i>(Pwoteksyon sa a pa ka depase total pwoteksyon asirans AD&D debaz ak siplemantè ou. Ou ka chwazi pwoteksyon pou madanm/oswa mari/patnè ou san ou pa chwazi pwoteksyon pou oumenm.)</i>
Pou Pitit Ou (jiska 26yèm anivèsè nesans)	\$25,000 pou chak timoun <i>(W ap fè yon peman pa mwa kèlkeswa kantite pitit ou genyen.)</i>	\$25,000 pou chak timoun <i>(W ap fè yon peman pa mwa kèlkeswa kantite pitit ou genyen.)</i>

Asirans-Vi ak Asirans pou AD&D: Kisa diferans lan ye?

- Asirans-vi ap kouvri pifò ka lanmò yo, tankou aksidan ak maladi.
- Asirans AD&D ap kouvri ka lanmò nan aksidan. Li p a kouvri ka lanmò nan kòz natirèl tankou laj avanse oswa maladi ki nan etap final. L ap peye tou yon pati nan avantaj yo nan kèk ka chòk oswa pèt manm kò nan aksidan, ak plis.

ENFÒMASYON SOU DEKLARASYON SOU SANTE

Yon Deklarasyon sou Sante, ki rele “prèv ki montre ki Montre yon Moun Kapab gen asirans,” se pwosesis pou detèmine si ou an sante ase pou kalifye pou kantite lajan pwoteksyon asirans w ap chèche a. Yon Deklarasyon sou Sante ka obligatwa lè w ap chwazi pwoteksyon asirans-vi siplemantè.

¹ MetLife ap vin administratè nou pou asirans pou andikap pou tan kout ak konje apati 1ye Avril 2024. Anvan dat sa a, pwogram asirans pou andikap pou tan kout ak pwogram konje pral kontinye administre avèk TriStar.

² si asirans-vi debaz ou depase \$50,000, n ap konsidere valè peman Clorox pa mwa kòm revni taksab.

Fason pou Fè chwa kòrèk yo

Lè moman a rive pou nou chwazi avantaj yo nap gen diferan bezwen ak priyorite. Menmsi nou te chwazi avantaj Clorox pou ofri tout chwa ki posib, nou konnen sa vle di ou gen anpil chwa pou konsidere. Si ou reflechi kote ou ye nan lavi ou kounye a –epi si ou chèche konnen davans sa pwochen ane a ta ka pote pou ou–sa kapab ede ou konsidere ki avantaj k ap pibyen adapte avèk bezwen pou yo ak bidjè ou.

**AN NOU GADE FASON
TWA MANM EKIP
CLOROX NOU SIPOZE
EVALYE CHWA YO.**

ALICIA

LUIS

SOPHIA

RANKONTRE ALICIA



Alicia se yon etidyan ki fèk diplome nan kolèj epi ki te vin viv nan vil la avèk kèk zanmi. Li se yon selibatè epi li aktif, kote li pase pifò tan lib li nan randone, monte bisiklèt ak kouri. Li konsidere tèt li kòm yon moun ki an sante epi li pa gen okenn pwoblèm medikal kwonik, men li vle asire li prepare tèt li pou siksè pivevan.

Alicia renmen lide ki endike li kapab rezève lajan pou depans medikal lè li vin ajè, poutèt sa li chwazi plan **HSA (Partnership in Health)**. Objektif li se pou kotize enpe avèk chak chèk peman li epi li konsidere sa kòm yon lòt kont retrèt pou li ka gen lajan pou peye pou depans medikal li yo lè li vin ajè. Alicia estrese enpe konsènan franchiz ki pi wo nan plan HSA (Partnership in Health), sitou paske li pa gen anpil lajan ki akimile nan epay li, poutèt sa li enskri nan Asirans pou Aksidan, ki pral pwoteje li sou plan finansye si li ta pran chòk pandan l ap antrene pou pwochen kous li.

Alicia enskri tou nan **pwoteksyon pou swen dan ak swen zye** epi li kreye yon moman pou pwograme egzamen fizik anyèl li ak netwayaj woutin nan dan li. Sèvis sa yo pa koute anyen, epi li konnen si li fè ti etap sa yo kounye a sa pral ogmante chans li pou li rete an sante pandan anpil tan.

Paske Alicia kotize nan yon HSA, li pa kalifye pou yon FSA pou Swen Sante, men li konnen HSA li a pral kouvri anpil nan menm depans yo. Li alèz tou avèk pwoteksyon asirans-vi Clorox bay, konsa li pa pral “achte” pwoteksyon siplemantè. Men, Alicia pral kontinye kotize omwen 4% salè li nan **plan retrèt 401(k)** li pou li kapab jwenn kotizasyon maksimòm nan Clorox.

RANKONTRE LUIS



Luis te marye avèk patnè li, Glenn, dènyèman epi yo toulède te achte yon kay nan banlye yo. Yo toulède gen bon djòb epi yo ta renmen fè pwochen etap la epi pou yo grandi fanmi yo. Menmsi Luis gen bon sante nòmalmman, Glenn gen doulè kwonik nan do ki bezwen atansyon san rete.

Luis vle fè tout sa li kapab pou mete tèt li ak Glenn nan pi bon pozisyon finansye pou agrandi fanmi yo. Li konnen tou tretman doulè pèmanan nan do Glenn kapab vin chè. Yo bezwen yon plan medikal ki gen depans prediktib pou yo kapab devlope epi respekte yon bidjè Poutèt sa, Luis chwazi plan PPO (Surest). Anplis depans aklè yo, Luis renmen toutbon fason peman pa mwa pou plan PPO (Surest) 10% pi piti pase lòt chwa plan medikal yo, epitou li apresye avantaj aplikasyon Surest ki ede li jwenn pi bon doktè yo ki nan zòn li. Luis chwazi **Asirans pou Konpansasyon Lopital** tou, pou si pwoblèm doulè Glenn lakòz li entène nan lopital, y ap resevwa yon avantaj an lajan kach ki se \$1,000 lè li jwenn admisyon nan lopital la plis \$100 pa jou.

Luis sonje avantaj avi pou **fòmasyon fanmi \$20,000** Clorox ofri avèk Carrot, epi li eksite pou chèche konnen fason sa kapab ede li epi Glenn vin pi pre pou adopte yon timoun. Li pran nòt tou pou **12 semèn konje paran**, epi si adopsyon an fèt san pwoblèm, l ap planifye pou pran avantaj ladan nan ane k ap vini an.

Finalman, kounye a yo marye, Luis chwazi pou achte **Asirans-Vi Siplemanntè** pou tèt li ak Glenn. Chwa avantaj sa yo ap bay Luis lapè nan tèt enpe plis, paske li konnen y ap pran swen fanmi li sou plan finansye si yo ta gen yon pwoblèm sanzatann.

RANKONTRE SOPHIA

Sophia gen laj 63 ane epi l ap viv nan Los Angeles avèk mari li. Li gen e pitit gason marasa, ki gen laj 24 ane, epi ki te kite zòn lès pou al viv nan New York. Sophia kouvri fanmi li anba plan medikal li, epi l ap pran swen manman li ki se yon granmoun aje, k ap viv avèk yo epi ki pa kapab pran swen tèt li. Li rive pre laj retrèt epi li vle asire li p ap gen okenn pwoblèm finansye pou li rive reyalize objektif li yo.



Alòske plan Kaiser ta ofri Sophia ak mari li yon pwoteksyon ekselan nan California, li konnen plan sa a bay pwoteksyon nan rezo a sèlman. Paske li kouvri pitit li yo tou k ap viv nan peyi a, li chwazi plan **HSA (Partnership in Health)** pou asire pitit li yo ap kapab jwenn swen tou.

Sophia fè li vin yon pwen pou kotize tout maksimòm IRS \$9,300 nan HSA li (\$8,300) plis kotizasyon ratrapaj li \$1,000 pou asire li gen ase lajan ki rezève pou nenpòt pwoblèm sante ki ta genyen pami fanmi li.

Answit, Sophia chwazi **Asirans pou Maladi Grav** ak **Konpansasyon Lopital**. Li konnen ni limenm ni mari li p ap vin pi jèn, epi Avantaj Sante Siplemanntè yo pral ede yo sou plan finansye si youn nan yo te dwe gen yon maladi ki menase lavi yo oswa pase tan nan lopital.

Finalman, Sophia kotize nan FSA pou Swen Depandan pou ede li avèk depans ki asosye avèk enfimyè k ap vizite manman li, epitou li itilize Help pou **Sipò nan Bay Swen** pou asire manman li resevwa swen li bezwen pandan Sophia ak mari li nan travay.

Be Well. Be You. Avèk Spring Health patnè byennèt mantal nou

Nou konnen pafwa sèlman yon ti sipò kapab chanje tout bagay. Clorox fè yon patenarya avèk **Spring Health** pou bay manm ekip yo ak manm fanmi yo yon Pwogram Asistans pou Anplwaye (Employee Assistance Program, EAP) dènye modèl. Avèk Spring Health, w ap kapab jwenn sèvis ak zouti fasil pou itilize k ap sipòte tout aspè byennèt mantal ou ak byennèt ou nan travay-lavi ou, tankou:

Antre nan plis pase **1,200 manm ekip Clorox** ak manm fanmi yo ki deja ap itilize sèvis Spring Health!

- **Swen pèsonalize avèk yon klinisyen devwe:** Navigatè Swen yo se moun toutbon – yo se klinisyen lisansye k ap elimine ensètitud yo pandan swen an. Y ap ede ou jwenn espesyalis terapi kòrèk la epi y ap pran randevou pou ou, y ap ba ou konsèy epitou y ap ofri ou sipò emosyonèl.
- **Terapi konfidansyèl** Rankontre avèk yon espesyalis terapi nan egzakteman de jou apre ou kontakte li. Oumenm ak manm fanmi ou (ki gen laj 6 zan ak plis) nou chak gen uit (8) sesyon gratis pou chak moun, pou chak ane ki kouvri avèk Clorox. Ou kapab itilize jiska de (2) pou diskite sou kontwòl medikaman avèk yon sikyat.
- **Antrènman:** Monitè sètifye yo kapab ede manm ekip yo ki gen laj 18 tan ak plis avèk edikasyon timoun, devlopman karyè, kontwòl estrès ak rezistans, abitud dòmi. Tranzisyon nan lavi ak plis. Resevwa jiska huit (8) sesyon antrènman pou chak moun, chak ane ki kouvri avèk Clorox pou gratis. Si ou enterese, kontakte Gid Spring Health Care ou.
- **Divèsite Pwofesyonèl Swen Sante:** Rezo pwofesyonèl swen sante Spring Health deziyen pou sèvi tout kalite moun yo sipòte. Espesyalis terapi yo disponib nan anpil kategori pwofesyonèl swen sante (tankou etnisite seksyèl, lang ak preferans seksyèl) ak domèn espesyalite (tankou divòs, sipò veteran ak chagren).
- **Egzèsis pou Byennèt:** Itilize Moments, yon bibliyotèk sou demann ki gen egzèsis konsyans ak meditasyon oto-gide pou amelyore byennèt mantal avèk pwogram pou gwo-gwo enkyetid, epuizman pwofesyonèl, pi bon somèy ak plis.
- **Sèvis Work-Life:** Navigatè swen yo ap ede ou jwenn sipò pou tout lavi ou, tankou sèvis finansye, sèvis gadri pou timoun ak granmoun aje, asistans legal ak plis lòt. Ou kapab revize bibliyotèk Spring Health tou sou entènèt pou anpil ak yon pakèt atik sou tout sijè depi dinamik fanmi ak relasyon pèsònèl ak pwofesyonèl.

RILAKS OU AVÈK APLIKASYON CALM



Chèche èd pou rilaks ou, plonje nèt nan konsyans avèk meditasyon, mouvman, mizik pou rilaks, oswa jwenn istwa kalman pou dòmi—pou oumenm ak pitit ou yo. Oswa pètèt w ap vle yon mizopwen ki gen plis presizyon pou ou kapab debloke pwòp kreyativite. Aplikasyon Calm gen yon bagay pou chak moun, se Clorox ki peye li epi li pèmèt ou ajoute jiska senk depandan. telechaje [aplikasyon Calm](#), enskri avèk non ou ak imèl konpayi a epi kreye yon modpas.

SPRING HEALTH KAPAB EDE OU

Spring Health disponib pandan tout ane a pou tout manm ekip yo ak manm fanmi ki lakay yo. Annik ale sou sitwèb clorox.springhealth.com (kòd aksè: clorox) oswa kontakte yon Navigatè Swen nan adrès imèl careteam@springhealth.com oswa nan nimewo 855-629-0554 pou kòmanse



Plis resous pou etap w ap fè pou vin gen byennèt

Nou vle pou ou reyalize objektif ou yo – byennèt fizik, mantal, finansye ak tout a ki nan mitan. Se rezon sa a ki fè nou gen pwogram pou ede ou vin gen abitud ki bon pou sante ou pou gen siksè nan etap w ap fè pou byennèt pèsònèl ou:

Itilize Virgin Pulse pou vin gen abitud ki bon pou sante ou

Pwogram trasè byennèt nou ki alimante avèk Virgin Pulse, deziyen pou ede ou vin gen abitud ki bon pou sante ou nan tout domèn lavi ou. Kòm yon prim ankourajman siplemantè, ou kapab touche \$100 chak trimès nan PulseCash, ki kapab konvèti pou chèk-kado popilè, don ak machandiz. Pou jwenn plis detay, ale sou sitwèb [Clxhub > Quick Links > U.S. Total Rewards > Wellness- Virgin Pulse](#).

Ou kapab enskri jodi a tou depi ou ale sou sitwèb join.virginpulse.com/clorox oswa depi ou telechaje aplikasyon Virgin Pulse.

Eseye Real Appeal pou jwenn vrè rezilta pou bese pwa kò ou

Ou vle vin gen abitud manje ki pi bon pou sante ou oswa ou vle pèdi kèk liv nan pwa kò ou? Nou fè yon patenarya avèk Real Appeal, yon pwogram kontwòl gwosè ki baze sou sitwèb, pou ede ou. Pwogram nan ap ba ou yon monitè ak sesyon an gwoup sou entènèt, aksè nan zouti suivi sou entènèt ak yon twous siksè gratis w ap resevwa pa lapòs. Pwogram sa a disponib pou tout manm ekip yo ak pou depandan yo ki gen laj 8tan ak yon BMI 20 oswa pi gwo epi ki enskri nan yon plan medikal UHC gratis pou ou. Ale sou sitwèb clorox.realappeal.com oswa rele nimewo 844-344-7325 pou kòmanse. Touche **4,000 pwen Virgin Pulse** lè ou fè omwen 10 sesyon.

PWEN POU SWEN PREVENTIF

Men sèlman yon ti kantite fason ou kapab resevwa pwen nan \$100 nan PulseCash.

Aktivite	Pwen ou Resevwa yo
Egzamen anyèl	4000
Kolonoskopi	4000
Mamogram	4000
Egzamen Dan:	2000
Egzamen vizyon (zye)	2000
Vaksen kont grip	2000
Vaksen kont COVID-19	2000

ACHTE EPI EKONOMIZE LAJAN AVÈK CLOROX

Pran avantaj rabè anplwaye ou sou anpil nan pwodui nou yo. Annik ale sou sitwèb mak la epi kreye yon kont avèk adrès imèl Clorox ou. Ou kapab ekonomize jiska 50%

- burtsbees.com
- burtsbeesbaby.com
- naturalvitality.com
- neocell.com
- rainbowlight.com
- renewlife.com

Eksprime rekonesans ou epi rekonèt manm ekip yo nan Bravo, epitou ou kapab resevwa pwen Bravo pou reklame yo pou machandiz. Antre nan Bravo sou rezo Clorox nan team.clorox.com/sites/Bravo.



Lè w ap pran tan ou bezwen

Repoze epi rechaje

Lè ou pran tan lwen travay ou pou rechaje ou sa se yon lòt pati nan byennèt. Nou konnen tou gen moman lè ou bezwen pran swen afè pèsònèl ou yo.

Kèlkeswa pou sa ou bezwen tan an, nou la pou ede ou. Nou bay:

- **Konje Fleksib (Flexible Time Off, FTO):** Anplwaye egzante salarè nan Etazini ki pa nan pwodiksyon kapab gen aksè nan FTO. Pa gen limit nan kantite FTO ou ka mande pou vakans toutotan ou satisfè bezwen ak egzijans pèfòmans biznis la.
- **Konje vakans peye:** Pou anplwaye non-egzante (ki touche pa èdtan) nou yo ki nan Etazini, nou ofri tan vakans peye dapre kantite ane sèvis yo. Answit, anplwaye non-egzante (ki touche pa èdtan) nan Etazini ki pa nan pwodiksyon kalifye pou kat (4) jou konje fleksib, epi anplwaye non-egzante (ki touche pa èdtan) nan Etazini ki pa nan pwodiksyon kalifye pou sis (6) jou fleksib nan chak ane almannak.
- **Pwogram Acha Vakans (Vacation Purchase Program, VPP):** Pandan Enskripsyon Anyèl la chak sezon lotòn, anplwaye pwodiksyon egzante (ki touche pa èdtan) ak anplwaye ki pa nan pwodiksyon kalifye pou achte jiska senk (5) jou vakans siplèman pou pwochen ane a.
- **Konje pou byennèt sante ak byennèt mantal:** Pran swen byennèt fizik ak mantal tèt ou oswa yon manm fanmi ou.
- **Konje pou Dèy:** Pan konje pou lanmò yon manm fanmi ou oswa yon zanmi.

- **Konje Jou Saba ki pa peye:** Pran jiska 30 jou youn-apre-lòt chak ane almannak avèk apwobasyon manadjè ou.

Tanpri travay avèk manadjè ou lè w ap pran konje epitou itilize UKG, sistèm jesyon dosye nou pou anrejistre tan ou kòm sadwa. Ale sou sitwèb [Clxhub > Our People > US Pay, Benefits & Time Off](#).

Konekte avèk nouvo manm fanmi ou

Resevwa yon nouvo timoun nan lavi ou se yon moman inik. Pou sipòte paran nou yo, nou ofri konje paran ki peye nèt avèk salè yo ak konje ki peye avèk yon pati nan salè yo pati pou nesans oswa adopsyon yon timoun ak plasman yon timoun nan fanmi akèy:

- Nouvo manman ki akouche yo ap resevwa yo mwayèn 18 semèn konje ki peye nèt ak yon pati pete san yo pa bezwen siplèman avèk yon lòt konje peye. Kantite egzat konje ou pral depannde sityasyon pèsònèl.
- Tout nouvo paran yo pral gen 12 semèn salè konplè oswa pasyèl (4 semèn a 100% salè ou epi w ap gen 8 semèn a 60% salè ou).

Pou jwenn plis detay, ale sou sitwèb [Clxhub > People & Culture > People Center > Compensation, Time & Benefits > Taking a Leave](#). Ou kapab ale tou sou sitwèb [Qualified Life Event section on cloroxbenefitsinfo.com](#) pou jwenn yon Gid Resous k ap montre sipò ki disponib pou ou nan chak etap w ap fè nan akouchman oswa adopsyon ou.

Sipò pou moun k ap bay swen

Li kapab difisil pou jwenn sipò yon granmoun oswa timoun fyab ki pou pran swen. Nou fè yon patenarya avèk Helpr pou ba ou resous pou pran swen ou. Ale sou sitwèb [helpr-app.com/clorox-usa](#) pou jwenn plis enfòmasyon.

- **Sipò pou swen:** Pale avèk yon Konsiltan Swen Helpr pou jwenn èd pèsonalize pou jwenn solisyon pou swen pou anpil tan ak solisyon pou swen pou tan kout (egzanp, bòn, sèvis gadri pou timoun ak sèvis gadri pou granmoun).
- **Swen pou sekou:** Clorox bay 60 èdtan swen sekou ki sibvansyone sou yon baz ane fiskal pou tan sa yo lè ou bezwen èd nan dènye minit. Ou kapab itilize Rezo pwoteje Helpr nan avèk yon kopeman \$5 /èdtan. Ou kapab chaje pwòp pwofesyonèl swen timoun/ granmoun/ granmoun aje ou (frè, gadyen, ak manm fanmi ki pa depanndan) epi w ap kapab jwenn yon sibvansyon \$10/èdtan pou swen pou sekou. Ale sou

sitwèb [www.helpr-app.com/faq](#) pou jwenn lis adrès yo.

- **Helpr sou Entènèt:** Ou kapab jwenn sipò akademik 1:1 ak sesyon jwèt konvèsasyonèl angwoup pou timoun ki gen 6mwa jiska laj pou yo ale nan lekòl segondè. Kopeman yo se ant \$5 ak \$15/èdtan epi n ap pran yo nan 60 èdtan swen pou sekou a.
- **Swen ki baze nan sant:** Konekte avèk [patnè gadri sekou Helpr](#) ki kapab ede ou jwenn sèvis gadri kòrèk pou bezwen ou yo. Ou kapab prezante resi ou resevwa yo nan pwogram gadri yo (tankou Kandete, sant swen pou granmoun ak plis) pou resevwa ranbousman jiska \$10/èdtan.

Devlopman avni finansye ou

Li enpòtan pou santi ou gen sante finansye (oswa omwen si ou konnen ou gen yon plan pou rive ladan). Itilize pwogram sa yo pou ede ou ekonomize lajan epi pou planifye pou pidevan.

- **401(k) plan:** Plan prensipal mache nou an avèk Vanguard ap ede ou ekonomize lajan pou retrèt, avèk Clorox k ap kotize a 10% salè ou jan sa endike anba la a:
 - Lè ou se yon nouvo manm ekip, ou enskri otomatikman nan plan 401(k) avèk yon kotizasyon 6% anvan taks Ou ka chwazi pou ogmante oswa diminye kotizasyon ou yo – oswa ou ka soti nan plan an nenpòt lè.the plan at any time.
 - Apre yon ane sèvis, ou kalifye pou resevwa yon kotizasyon ekivalan konpayi a jiska 4% salè ou chak de semèn (li pou ou imedyatman)ak yon kotizasyon anyèl 6% salè ou nan konpayi a (l ap pou ou nan 5 ane).
- **Ayco:** Jwenn èd pou fè bidjè ou, pou planifikasyon retrèt ou, estimasyon depans pou swen sante ou, bezwen asirans ou ak plis – gratis pou ou.
- **Pwogram Asistans nan Edikasyon:** Resevwa ranbousman pou depans pou edikasyon jiska \$3,000 pou chak ane fiskal.
- **Pwogram transpò anplwaye:** Itilize lajan ou anvan taks pou ekonomize sou sèvis transpò. Ale sou sitwèb my.healthequity.com pou jwenn plis enfòmasyon.
- **Plan Acha Aksyon pou Anplwaye (Employee Stock Purchase Plan, ESPP):** Achte aksyon komen Clorox avèk dediksyon nan pewòl apre taks epi Clorox pral kouvri frè acha a. Pou jwenn plis enfòmasyon, [klike la a](#).
- **KADO:** Clorox Company Foundation pral bay ekivalan pou don ou fè ba òganizasyon non komèsyal ou chwazi, jiska \$2,500 chak ane. Ale sou sitwèb [Clxhub > People & Culture > Giving \(GIFT\) & Volunteering](#).
- **Asirans pou aksidan nan vwayaj biznis:** Nou kouvri ou lè ou vwayaje pou biznis konpayi a. Ale sou sitwèb [Clxhub > U.S. Total Rewards > Business Travel Program](#) pou jwenn plis enfòmasyon.

SONJE AYCO POU SIPÒ PLANIFIKASYON FINANSYE OU

Ayco se founisè sèvis planifikasyon finansye nou epi yo kapab ede ou avèk planifikasyon finans ou pou jodi a, demen, ak pidevan. Ayco kapab ede ou aprann fason pou ogmante epay ou nèt pou retrèt epi yo kapab ede ou detèmine chwa plan sante ki kòrèk la pou ou. W ap menm resevwa **pwen Virgin Pulse** lè ou fè evalyasyon Ayco ak lè ou rankontre avèk yon planifikatè finansye.

Louvri yon kont depi ou ale sou sitwèb [Clxhub > U.S. Total Rewards > Financial Planning \(Ayco\)](#).



Resous ou yo

Sijè	Kote pou jwenn enfòmasyon
Sipò Avantaj Clorox	
Enfòmasyon Jeneral <ul style="list-style-type: none">• Detay sou avantaj ou yo• Gid pou jwenn resous lè ou gen evènman nan lavi ou• Webinè ki anrejistre• Dokiman Konfòmite ak Rezime vize Rezime Pwoteksyon Avantaj yo (Summary of Benefits Coverage, SBC)	cloroxbenefitsinfo.com
Sipò avèk Enskripsyon Anyèl <ul style="list-style-type: none">• Fason pou enskri nan avantaj ou yo• Kesyon konsènan avantaj yo sou sitiyasyon ki adapte pou ou	Clorox Health & Welfare Service Center <ul style="list-style-type: none">• Koneksyon inik: Clxhub > U.S. Total Rewards > Health & Welfare Service Center• Dirèkteman: cloroxbenefits.com• Telefòn: 833-550-5600 (Lendi-Vandredi, 6 a.m. – 5 p.m. PT)
Enfòmasyon pèsonalize <ul style="list-style-type: none">• Enfòmasyon sou Rekonpans Total yo• Konpansasyon total• Kotizasyon nan avantaj yo• Balans pou retrèt	Sitwèb Rekonpans Total pou Etazini <ul style="list-style-type: none">• Koneksyon inik: Clxhub > Quick links > U.S. Total Rewards
Sipò avèk “Our People” <ul style="list-style-type: none">• Devlopman mwen• Kontinye aprann• Salè ak avantaj mwen• Resous jesyon• Lyen rapid	Sitwèb Our People <ul style="list-style-type: none">• Koneksyon inik: Clxhub > People & Culture > People Center
Pwoteksyon Medikal	
UnitedHealthcare (UHC) (<i>Nimewo gwoup: 225497</i>)	Plan HSA (Partnership in Health) <ul style="list-style-type: none">• Telefòn: 877-468-1028• Sou entènèt: whyuhc.com/clorox
Surest	Plan PPO (Surest) <ul style="list-style-type: none">• Telefòn: 866-683-6440• Sou entènèt: benefits.surest.com
Pwoteksyon pou Medikaman sou Preskripsyon pou plan HSA (Partnership in Health) ak plan Surest(PPO)	OptumRx <ul style="list-style-type: none">• Telefòn: 800-562-6223
Kaiser Permanente (manm ekip CA sèlman), ansanm ak Pwoteksyon pou Medikaman sou Preskripsyon	<ul style="list-style-type: none">• Telefòn: 800-464-4000• Sou entènèt: kp.org
2nd.MD <ul style="list-style-type: none">• Dezyèm pwendvi medikal	<ul style="list-style-type: none">• Sou entènèt: 2nd.md/clorox• Smatfòn: Telechaje aplikasyon 2nd.MD
Carrot <ul style="list-style-type: none">• Avantaj pou fòmasyon fanmi	<ul style="list-style-type: none">• Telefòn: 888-817-9040 (sant apèl 24/7)• Sou entènèt: app.get-carrot.com/
Securian <ul style="list-style-type: none">• Asirans pou aksidan• Asirans pou Maladi Grav• Asirans pou Konpansasyon Lopital	<ul style="list-style-type: none">• Telefòn: 855-750-1906• Sou entènèt: securian.com/clorox-insurance

Resous ou yo (kontinye)

Sijè	Kote pou jwenn enfòmasyon
Lòt Pwoteksyon pou Sante	
UnitedHealthcare (UHC) Dental	<ul style="list-style-type: none">• Telefòn: 877-816-3596• Sou entènèt: myuhc.com > Search > National Options PPO 10 plan
Plan pou Sèvis Swen Zye (VSP) (Nimewo gwoup: 00818601)	<ul style="list-style-type: none">• Telefòn: 800-877-7195• Sou entènèt: vsp.com
Kont Epay ak Pwoteksyon Finansye	
UnitedHealthcare (UHC) (Nimewo gwoup: 225817) <ul style="list-style-type: none">• Kont Depans Fleksib pou Swen Sante (Healthcare Flexible Spending Account, HCFSAs)• Kont Depans Fleksib pou Swen Depandan Swen Depandan (Dependent Care Flexible Spending Account, DCFSAs)	<ul style="list-style-type: none">• Telefòn: 877-468-1028• Sou entènèt: myuhc.com <p>(Pou jwenn yon lis depans kalifye yo, ale sou sitwèb irs.gov epi chèche Piblikasyon 502 oswa 509. Tanpri chita pale avèk konseye fiskal ou pou kesyon ki konsène depans kalifye yo.)</p>
Optum Financial (through UHC) (Nimewo gwoup: 225497) <ul style="list-style-type: none">• Kont Epay Sante (HSA)	<ul style="list-style-type: none">• Telefòn: 800-791-9361
MetLife (Asirans pou Andikap ak Asirans-Vi) <ul style="list-style-type: none">• Asirans pou andikap (avèk TriStar jiska 31 Desanm 2024)• Asirans-vi (debaz ak siplemantè)• Asirans-Vi ak Asirans pou Lanmò ak demanbreman akòz Aksidan (AD&D)	Reklamasyon ak Plis Enfòmasyon: MetLife <ul style="list-style-type: none">• Telefòn: 855-320-8528 (Lendi-Vandredi, 5 a.m. – 8 p.m. PT)• Sou entènèt: mybenefits.metlife.com Enskripsyon ak Mizajou benefisyè yo: Clorox Health & Welfare Service Center <ul style="list-style-type: none">• Koneksyon inik: Clxhub > U.S. Total Rewards > Health & Welfare Service Center• Dirèkteman: cloroxbenefits.com• Telefòn: 833-550-5600 (Lendi-Vandredi, 6 a.m. – 5 p.m. PT)
Resous pou Vin Anfòm	
Spring Health <ul style="list-style-type: none">• Sante mantal ak sipò pou ekilibre travay-lavi	<ul style="list-style-type: none">• Telefòn: 855-629-0554• Sou entènèt: clorox.springhealth.com (kòd aksè: clorox)
Virgin Pulse <ul style="list-style-type: none">• Suivi pwogram byennèt	<ul style="list-style-type: none">• Telefòn: 866-941-2143• Sou entènèt: join.virginpulse.com/clorox• imèl: support@virginpulse.com
Helpr <ul style="list-style-type: none">• Sipò pou pran swen timoun• Sipò pou pran swen granmoun aje	<ul style="list-style-type: none">• Telefòn: 877-417-4883• Sou entènèt: helpr-app.com/clorox-usa• imèl: hello@helpr-app.com
Vanguard <ul style="list-style-type: none">• Plan 401 (k)	<ul style="list-style-type: none">• Telefòn: 800-523-1188• Koneksyon inik: Clxhub > U.S. Total Rewards > 401 (k) plan• Dirèkteman: vanguard.com/retirementplans
Ayco <ul style="list-style-type: none">• Planifikasyon finansye• Preparasyon bidjè• Depans pou swen sante• Bezwen asirans• Planifikasyon pou retrèt	<ul style="list-style-type: none">• Telefòn: 866-907-4479• Koneksyon inik: Clxhub > U.S. Total Rewards > Ayco
Pwogram Acha Vakans (Vacation Purchase Program, VPP)	<ul style="list-style-type: none">• Koneksyon inik: Clxhub > Our Company > Policies and Procedures > Vacation Purchase policy



Be Well. Be You.

Gid sa a prezante sèten eleman plan an, men li sèlman reprezante yon apèsi. Bilten sa a pa ranplase dokiman ofisyèl plan an, ki se administrasyon final sou dispozisyon plan an nou itilize pou detèmine fason ak lè nou peye avantaj yo. Bilten sa a se yon zouti pou ou pou itilize, men ou ta dwe konsilte dokiman plan an, Rezime Deskripsyon Plan an (Summary Plan Description, SPD) ak nenpòt Prèy Pwoteksyon oswa Sètifika Pwoteksyon ak kontra asirans asosye yo oswa kontra yo, pou nenpòt avantaj ki dekri nan gid sa a. Konpayi a gen dwa pou chanjè modifiye, sispann, retire, oswa elimine nenpòt oswa tout plan yo, okonplè oswa yon pati ladan yo, nenpòt lè selon desizyon li.

© 2023 The Clorox Company. Tout Dwa Rezève.